

Office of Adult and Continuing Education

Kesyon moun poze souvan (FAQ)

- **Kiyès ki elijib pou gen aksè nan kou ak sèvis Biwo edikasyon pou adilt kontinye fòmè tèt yo Office of Adult and Continuing Education (OACE)?**

Nenpòt moun ki abite Vil Noyòk ki gen laj 21 ane pou pi piti ki pa gen yon ekivalan lekòl segondè (HSE) oswa yon diplòm, kapab enskri pou kou yo. Plas yo limite nan kèk Career and Technical Education (CTE) pou moun ki gen ekivalan lekòl segondè ameriken..

- **Èske gen yon frè pou peye pou kou edikasyon adilt yo?**

Ou pa gen pou peye anyen pou kou ESOL, HSE, ak kou edikasyon debaz pou adilt (ABE). Men gen kèk kou CTE ki mande pou elèv achte liv ak founiti.

- **Si yon elèv ap travay, li resevwa èd finansye, oswa li pa gen papyè imigrasyon, èske sa ap anpeche li gen aksè nan sèvis gratis OACE sa yo?**

Non

- **Eske gen yon minimòm edikasyon pou yon elèv genyen pou li kapab pran kou OACE yo?**

Non

- **Si mwen gen diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm kolèj mwen pran nan yon lòt peyi, èske mwen ka suiv kou edikasyon adilt yo?**

Wi.

- **Si mwen gen diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm kolèj mwen pran nan yon lòt peyi, èske mwen ka suiv kou edikasyon adilt yo?**

Non. Plas yo limite nan kèk Career and Technical Education (CTE) pou moun ki gen ekivalan lekòl segondè ameriken..

- **Èske elèv yo bezwen yon nimewo Sekirite sosyal oswa dokiman pou verifiye idantifye yo ak/oswa pou enskri nan kou yo?**

Elèv k ap enskri nan kou ESOL, ABE, ak HSE pa bezwen bay nimewo sekirite sosyal yo. Yo ka mande elèv k ap enskri nan kou CTE ki pèmèt yo vin sètifye, bay yon nimewo sekirite sosyal oswa lòt dokiman pou idantifye yo pou yo ka jwenn djòb.

- **Ki kote ak ki lè yo fè kou yo?**

Yo fè kou yo nan 175 lokal nan tout senk borough yo. Gen klas maten, apremidi, aswè, ak samdi pou satisfè pwoblèm tan tout elèv.

- **Si yon elèv ap travay Manhattan epi li abite Bronx, èske yo ka rekòmande l nan yon lokal ki nan yonn oswa lòt borough sa yo?**

Wi. Elèv ki elijib ka ale nan klas nan lokal ki pi konvenyan pou yo a.

- **Ki kou yo ofri atravè OACE?**

- Edikasyon debaz pou adilt *Adult Basic Education* (ABE): Kou aprantisaj debaz a preparasyon pou egzamen ekivalan lekòl segondè High School Equivalency (HSE)
- Angle pou moun ki pale yon lòt lang *English for Speakers of Other Languages* (ESOL) Nivo debitan jiska nivo avanse
- Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik Career and Technical Education (CTE) Kou nan èkondisyon/refrijasyon, mekanik oto, antretyen bilding, enstalasyon kab, chapant, literacy konpitè, reparasyon konpitè, enstalasyon elektrik, kuizin/resepsyon, karyè nan sante, elektisite, medical billing, Microsoft Office, plonbri ak web page design.

- **Si yon Direktè lekòl, yon koòdonatè paran oswa yon paran ta renmen ofri yon klas OACE nan lokal lekòl pa yo a ki gen klas kindergarten jiska klas 12yèm ane, kiyès li dwe kontakte?**

Nan chak rejyon, gen yon direktè pou edikasyon adilt. Gade paj lokal enskripsyon yo nan sit sa a pou konnen enfòmasyon pou kontakte lekòl yo.

- **Ki pwosesis pou elèv yo suiv pou enskri nan kou edikasyon adilt yo?**

Chak borough gen yon sant aprantisaj kote elèv yo ka enskri pou kou yo. Gen enskripsyon tou nan lokal ki pa gen pwogram lan. Chak elèv gen pou fè yon entèvyou fòmalye epi apre y ap ba yo yon deskripsyon pwogram yo ofri ki disponib la. Elèv ki elijib pase nan yon sesyon evalyasyon avèk yon konseye epi yo mete yo nan yon pwogram dapre evalyasyon an.

- **Èske yo fè entèvyou pou pwosesis enskripsyon yo nan yon dat ak yon lè patikile?**

Wi. Enfòmasyon sa a disponib nan lokal kote elèv la chwazi ale pou pwosesis entèvyou a. Tanpri rele alavans pou jwenn yon randevou pentèvyou fòmalye a paske yo gen dwa chanje orè yo. Tanpri ale nan paj Lokal pou enskripsyon sou sit sa a pou wè nimewo telefòn ak adrès yo.

- **Ki diferans ki genyen ant kou *Adult Basic Education* (ABE) ak kou *High School Equivalency* (HSE) yo?**

Kou ABE anseye nivo konesans debaz nan Lekti ak Matematik pou kapab prepare elèv pou kou HSE. Kou HSE prepare elèv pou egzamen evalyasyon nivo segondè *Test Assessing Secondary Completion* (TASC).

- **Kisa yon kou Anglè kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL) ye?**

Kou ESL ede elèv ogmante konesans yo nan lang angle ak kapasite yo nan lekti.

- **Kisa yon *Literacy Zone* ye?**

Yon *Literacy zone* se yon sant ki la pou satisfè bezwen fanmi ki fèk rive nan peyi a, elèv adilt ak manm nan kominote a. Sant lan konekte elèv avèk kou ak resous pou ede yo ak lojman, pwoblèm legal, djòb ak lòt bezwen. Sant *Literacy zone* yo ak resous li yo ede fanmi fè fas ak difikilte yo genyen pou entegre yo nan yon nouvo kilti ak pou aprann yon nouvo lang. Gen kat sant *literacy zone*, nan Manhattan, Queens, Brooklyn, ak nan Bronx. Al gade paj Sipò pou Elèv nan sit sa a pou jwenn plis enfòmasyon.